

Chè fanmi elèv ki nan klas 3-12,

Apati jodi a, New York ap vanse ak egzamen leta pou elèv ki nan klas 3-8 ane ak kèk egzamen Regents ane sa a. Sepandan, yo ap bay nou bon jan fleksibilite an tèm de ki jan nou pral administre egzamen sa yo. Yo toujou ap chèche yon egzansyon nan men gouvènman federal la pou dispanse yo de egzamen leta yo ane sa a. Men, yo pa konnen si yo pral jwenn li oswa si yo pap jwenn li. Nou ap vanse pi byen ke nou kapab lè nou konsidere ensètitud sa a.

Rezon ki fè yo bay egzamen leta ane sa a diferan anpil de ane ki sot pase yo. Objektif la se konprann enpak pandemi an ak entèripsyon ansèyman sou pèfòmans akademik elèv yo. **Pa gen okenn penalite ki dwe aplike sou lekòl yo oswa elèv yo pou fèb pèfòmans nan egzamen leta yo ane sa a.** Konsantrasyon nou ane sa a rete sou sante ak sekirite pandan nap fè tout sa nou kapab pou asire ke aprantisaj ap kontinye pou tout elèv nou yo.

Depatman Edikasyon Eta New York te di ke se sèlman elèv ki swiv kou nan salklas ki ta dwe fè egzamen leta yo ane sa a epi yo pa ta dwe oblije elèv k ap aprann antyèman adistans vini fè egzamen. Yo te modifiye egzamen yo tou pou fè yo sèlman 1 jou olye de 2. Nan lespri sa a, men kijan Ascend ap abòde kounye a sezon egzamen leta ane sa a ki etranj.

- Elèv nou yo k ap aprann nan salklas pral fè egzamen leta a an pèsòn pandan fenèt tès leta a.
- Elèv nou yo ki ap aprann adistans pral pran yon vèsyon elektwonik nan egzamen an ke nou kreye yon semèn pita.
- Elèv nou yo ki ap patisipe nan gwoup aprantisaj nou yo pral fè egzamen leta a an pèsòn an menm tan ak kamarad adistans yo.
- Nan klas 3-8, nou pa pral administre pwòp evalyasyon referans entèn nou pou diminye tès la pandan peryòd sa a.

Si eta a pa resevwa egzansyon nan men gouvènman federal la pou elimine egzamen leta ane sa a, yo pral soumèt repons elèv sa yo ki fè egzamen nan salklas bay eta a. Si eta a resevwa yon egzansyon nan men gouvènman federal la, yo pap pataje repons elèv yo ak eta a. Lè nou ap vanse pou administre pwòp vèsyon nou de evalyasyon sa a, nou pral kapab kolekte bon jan done sou sa elèv yo konnen ak konprann sou estanda nivo klas yo. Evalyasyon sa a pa pral enkli nan kanè yo.

Chak lekòl Ascend ap kreye pwòp pwosedi tès detaye ak orè li. Ou ta dwe espere tandè plis nan men direktè lekòl ou a oswa asistan direktè operasyon yo sou ki jan ak ki lè pitit ou a pral pran evalyasyon yo pou nòt li byento. Tanpri kontakte yo dirèkteman avèk kesyon anplis.

Sensèman,

Brandon Sorlie
Direktè Jeneral Lekòl yo

